




Transpò

MBTA The Ride

- Sèvis transpò nan yon tip de machin ki ale pòt an pòt. Yon transpò pataje a moun ki pa ka itilize transpò piblik akòz yo andikape tanporèman oswa pèmanan.
 - Opere nan preske menm lè ak MBTA a, 5AM a 1AM. Chak woulib koute \$3.35 ale vini epi ou ka met randevou pou yo vin cheche w 1 a 5 jou alavans. Gen woulib ki ka pi chè. Sa k pi chè yo koute \$5.60 ale vini. Moun ka p pran randevou yo ta dwe di w sa woulib la ap koute w.
 - Rann sèvis nan zòn Greater Boston nan – gade map sèvis la:



- **Fason w pou aplike:**
 - Kontakte Sant Mobilite a nan 617-337-2727 (peze 3 pou chwazi lang ou vle a), oswa voye imèl nan mbtamobility@mtm-inc.net pou w met randevou pou entevyou kalifikasyon nan telefon.
 - Depi l'nesesè, Sant Mobilite a ap kontakte moun ki pran swen sante w ki nan lis aprè entevyou a pou verifye si w andikape vre.
 - Pifò nan moun ki aplike yo ap jwenn repons nan 2 a 3 jou biznis. Si aplikasyon w mande pou n rele w aprè, sa ka pran plis tan.

PT-1 MassHealth la

Seten tip de MassHealth kouvri transpò a randevou medikal yo. Si w pa gen lòt transpò, mande doktè w si w ap kalifye pou yon PT-1 (sa se lè doktè mande pou transpò.)

60 oswa plis?

Si w gen 60 an oswa plis, gen yon sèvis aksè pou moun ki aje (ASAP) ki ofri transpò medikal nan seten sitiyasyon. Kontakte ASAP ki nan zòn lokal ou an nan 800-AGE-INFO (800-243-4636 epi peze 3 pou opsyon diferan lang nan) TDD/TTY 800-872-0166, oswa vizite mass.gov/location-details/aging-services-access-points-asaps-in-massachusetts pou mande pou opsyon transpò yo.

- **Moun ki rete nan Boston yo:**
 - Transpò yo rele **The Age Strong Shuttle** ann Anglè bay moun ki rete nan Boston yo ki gen laj 60 oswa plis yon woulib gratis nan vil Boston an nan randevou medikal ki pa ijan, depi ou gentan met randevou alavans ak yo. Pwogram nan gen bis ki pemèt chez woulant. Rele 617-635-3000 (Anglè selman) pou met yon randevou pou yon woulib. Lè operasyon: Lendi a Vandredi 8:00AM a 3:00PM. Denye bis la kite Mass General a 2:30PM.
 - **Koupon ki gen pri mwen chè pou taksi** disponib pou moun ki viv nan Boston yo ki gen **65** an oswa plis e pou moun ki andikape. Ou ka sèvi ak koupon yo nan taksi ki otorize pa vil Boston an. Koupon yo disponib nan **Age Strong Commission** nan City Hall Boston an. Lè ofis yo se Lendi a Vandredi, 9:00AM a 5:00PM. Pou plis enfòmasyon, vizite <https://www.boston.gov/departments/age-strong-commission/how-buy-taxi-coupons> or call 617-635-4366. (mande operatè a pou èd nan lang ou bezwen an)

Ou vini pou Trètman Kansè?

Rele **Espesyalis Resous pou depatman Kansè** a nan 617-724-0295 pou w aprann de kalifikasyon pou pwogram èd pou transpò tankou sa k mansyone pi wo a e pwogram ki ede moun ak kansè tou.